



Pou Piblikasyon Imedya: 10/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE Y AP FLOTE DRAPO FYÈTE NAN PWOGRÈ LGBTQ+ LA SOU KAPITÒL ETA NEW YORK LA ANLONÈ MWA FYÈTE 2022 A**

***Bilding yo nan Rejyon Kapital la pral limen de 10 a 13 jen pou rekonèt Wikenn Fyète a***

*Foto yo Disponib [la a](#)*

***Videyo a disponib sou YouTube [isit la](#) ak an fòm kalite televizyon (h.264, mp4) [isit la](#)***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse yo te montre Drapo Fyète nan Pwogrè LGBTQ+ pou premye fwa sou Kapitòl Eta New York la nan kad selebrasyon Mwa Fyète 2022 a nan Eta New York. Yo te prezante tou yon kopi pwoklamasyon Gouvènè Hochul la ki deziyen jen 2022 kòm Mwa Fyète LGBTQ+, bay envite yo nan gwo evènman Rejyon Kapital yo wikenn sa a.

"Monte istorik Drapo Fyète nan Pwogrè a sou Kapitòl Eta New York la se yon senbòl solidarite nou ak manm kominote LGBTQ+ a, e li sèvi kòm rapèl vizib ke moun New York yo tandè ak respekte vwa yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Se avèk imilite m ap onore akonplisman yo pandan mwa Fyète a, e m ap kontinye kanpe ak yo nan lit pou jistis ak egalite a."

"Se pa nenpòt ki monte drapo - n ap monte drapo ki vle di divèsite, endividyalite, lanmou e sitou FYÈTE a - se yon moman istorik nan Eta New York poutèt se premye fwa Drapo Fyète nan Pwogrè a flote sou Kapitòl Eta New York la e mwen kontan patisipe ladan", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado**, ki te asiste evènman an nan Empire State Plaza, te deklare. "Mwa Fyète a se yo mwa ki konsakre a selebrasyon divèsite nou ak etablisman lyen pami tout moun nan rejyon an. Divèsite sa a se fonman sa ki fè nou se moun New York."

Drapo Fyète nan pwogrè a baze sou drapo aksansyèl anblematik finisman ane 1970 yo. Yo te kreye Drapo Fyète nan Pwogrè a an 2018 e li ajoute senk liy koulè an fòm flèch pou mete plis aksan sou "entegrasyon ak pwogrè." Drapo a gen ladan ba nwa ak mawon pou reprezante kominote koulè LGBTQ+ ki majinalize yo, ansanm ak koulè ble pal, wòz, ak blan, ki sòti nan Drapo Fyète Transjan an. Drapo a pral flote tou nan

Rejyon Kapital la nan Palè Gouvènè a (Executive Mansion), nan Bilding Alfred E. Smith la, ak nan Kanpis Harriman nan.

**Komisè Pwovizwa Biwo Sèvis Jeneral la, Jeanette Moy, te deklare,** "Monte Drapo Fyète nan Pwogrè a jodi a sou Kapitòl la an selebrasyon Mwa Fyète a se yon omaj a akonplisman Eta New York yo nan kominote LGBTQ+ yo. Sou direksyon Gouvènè Hochul, n ap aksepte nèt e n ap fè vanse wòl istorik Eta New York la kòm lidè nan pousuit egalite pou tout moun."

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta a, Jackie Bray, te deklare,** "Pandan fyète sa a nou dwe retounen angaje tèt nou nan travay pwoteje tout dwa nou yo. Sa gen ladan kore diyite pou nou tout epi pwoteje sa ki pi frajil yo pami nou. Sipò Gouvènè Hochul la pou kominote nou an se yon bagay fèm ak toutbon, e mwen fyè sèvi nan administrasyon li an."

**Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la (Office of Temporary and Disability Assistance), Daniel W. Tietz, te deklare,** "Kòm yon moun ki gen plizyè ane eksperyans nan defans dwa LGBTQ+, mwen fyè selebre Mwa Fyète a nan flote Drapo Fyète nan Pwogrè a, ki senbolize enklizyon ke mouvman sa a reprezante nan kominote nou an. Gouvènè Hochul demontre klè angajman fèm li an nan egalite pou LGBTQ+, non sèlman avèk pawòl, men avèk aksyon konkrè k ap ede solidifye pozisyon Eta New York la kòm lidè nan kesyon sa a."

**Komisè pa Enterim Enpo ak Finans Eta New York la, Amanda Hiller, te deklare,** "New York ap toujou yon limyè espwa pou kominote LGBTQ+ la. Mwen fyè patisipe nan seremoni monte drapo jodi a poutèt li mete aksan sou jan nou rive lwen avèk entegrasyon ak pwogrè. Li dwe sèvi, tou, kòm rapèl travay nou tout bezwen fè toujou andedan pwòp kominote pa nou yo pou garanti egalite pou tout moun New York yo."

**Chèf Egzekitif Konte Albany, Daniel P. McCoy, te deklare,** "Eta New York byen akeyi divèsite li an poutèt nou konnen li ajoute nan fòs nou. Se yon kote tout moun byenveni, kèlkeswa moun yo renmen oswa jan yo idantifye tèt yo. Drapo sa yo se senbòl pisan prensip enklizyon sa yo ki enpòtan pou nou, e mwen fyè mete tèt ansanm ak Gouvènè Hochul ak lòt kolaboratè mwen yo nan eta a pou monte Drapo Fyète nan Pwogrè yo sou Kapitòl la pou premye fwa." "E menm si jen se Mwa Fyète a, nou dwe pote santiman entegrasyon kominote LGBTQ+ a ak pwogrè sa a pandan 365 jou ane a."

**Tandra Lagrone, Direktris Egzekitif "In Our Own Voices" (Ak Pwòp Vwa Pa Nou) te deklare,** "In Our Own Voices kontan anpil mete tèt ansanm ak Eta New York. Mnem si kominote nou an viv pèt e li anba atak, avèk plis pase 325 pwojè lwa yo entwodui nan lejislasyon k ap sible kominote nou an ak plis pase 50% ki vize klèman frè ak sè transjan ak moun ki gen idantite seksyèl ki pa konfòm (Transgender and Gender Non-Conforming, TGNC) nou yo. Se yon chans pou nou, sitou LGBTQ+ ki se moun koulè yo, fanmi yo, zanmi yo, ak alye yo, ini pou selebre kominote, fòs, ak yon moman repi."

**Direktè Egzektif Sant Fyète Rejyon Kapital la (Pride Center of the Capital Region)**

**Nathaniel Grey te deklare,** "Malerezman, nou tout fin abitye ak izòlman pandan de (2) ane pase yo. Kominote LGBTQ+ a te toujou fè fas a pwoblèm izòlman ak efasman, yon bagay ki souvan mennen nou nan depresyon ak anksyete. Se poutèt sa evènman istorik tankou Monte Drapo Fyète nan Pwogrè ki fèt jodi a gen gwo enpak pou moun LGBTQ+ yo nan Rejyo Kapital la ak Eta New York; lè nou wè tèt nou reflete nan kilti ki antoure nou an, sa raple nou ke nou se yon pati nòmal nan tout kominote, tout kote, chak jou. Jès senp sa a kapab e pral sove lavi. Mèsi Gouvènè Hochul ak Gouvènè Adjwen Delgado pou sipò yo bay koninote LGBTQ+ a depi lontan; nou pa ka tann pou kontinye relasyon an e fè Rejyon Kapital la, ak tout eta a nèt, vin yon anviwònman san danje ki aksepte tout moun."

Drapo Fyète nan Pwogrè a pral flote tou nan Bilding Eta sa yo:

- Bilding Biwo Leta Adam Clayton Powell Jr. la nan Harlem
- Bilding Biwo Leta Eleanor Roosevelt la nan Poughkeepsie
- Sant Jesyon Transpò Vale Hudson lan nan Hawthorne
- Bilding Biwo Leta Perry B Duryea a nan Hauppauge

Anplis des a, gen plizyè moniman eta nan Rejyon Kapital la ki pral limen pou rekonèt Wikenn Fyète LGBTQ+ Rejyon Kapital la, 10 a 13 jen, sa gen ladan:

- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Bilding Biwo Leta Alfred E. Smith la
- Empire State Plaza
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany

Moniman eta a k ap limen yo pou rekonèt Mwa Fyète LGBTQ+ la nan dat 23 rive 30 jen yo se:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall (The H. Carl McCall SUNY Building) lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Bilding Biwo Leta Bilding Alfred E. Smith la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson

- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany

Kòm lòt aktivite nan Rejyon Kapital la gen yon nouvo ekspozisyon nan Sal Resepsyon Gouvènè a nan Kapitòl Eta New York la, *Avèk Fyète ak Diyite (With Pride and Dignity)*, ki klere lit la pou dwa militè LGBTQ+ yo nan fòs ame ameriken yo e li montre kijan Eta New York ap kore lit kont diskriminasyon an. Ekspozisyon an ap fèt nan dezyèm etaj Kapitòl Eta New York la, e l ap kontinye jiska fen mwa jen. W ap jwenn plis enfòmasyon sou ekspozisyon an [isit la](#).

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou obsèvan Mwa Fyète a nan Eta New York, sa gen ladan ekspozisyon Mwa Fyète a nan Kapitòl Eta a, [isit la](#).

###

Lòt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)